**АДÆЙМАГИ, ГЪЕ Æ РÆСТÆГ КУ НÆ АМОНА, КЕНÆ Æ ЗУНД, УÆД Е 'ЗНÆГТИ ФÆНДÆУАГÆ КÆНУЙ!..**



*Ромен РОЛЛАН (1866-1944), францусаг финсæг: «Гъæуама адæймаг балæдæра, дуйней хецау æма исфæлдесæг ке æй, æма зæнхæбæл ци æнамонд хабæрттæ цæуй, уони туххæй дзуапдæттæг ке æй. Уæдта хуарз гъуддæгути фæрци царди ци кадæ æма ном ес, етæ дæр адæймаги ке 'нцæ...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№34 (1050) 2026 анзи 5 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман


**ЗÆРДРИСТÆЙ ИМИСÆН, ЗÆРДХЪУРМÆЙ ХЪОНЦ КÆНÆН...**



Фатима МАЛИЕВА

## БЕСЛАН... ШКОЛА НОМЕР ОДИН

Линейка, счастье, белые банты,
И радостью наполнен школьный двор.
Несли детишки с гордостью цветы,
Но был оборван мирный разговор.

Обрушился внезапно жуткий мрак,
Приклады, крики, выстрелы в упор...
И диктовал свои законы враг,
Украв у детства праздничный задор.

Родители, закрыв собой детей,
Встречали грудью беспощадный шквал.
А мужество простых учителей
В том зале лютый пламень усмирял.

И дети, повзрослев за пару дней,
Притихли, осознав масштаб беды.
Ни звука, чтоб не мучить матерей,
Они в бреду просили, лишь воды.

Там за стеной, в тревожной тишине
Весь мир молился, замерев в тоске.
Ждала родня на мирной стороне,
Держа надежду хрупкую в руке.

Ударил взрыв... Сквозь копоть и свинец,
Шагнули в ад без страха за себя:
Спецназовец, спасатель и отец,
Живым щитом детишек заслоня.

Бегут шакалы белый свет кляня,
И уходя, бесчинствуют опять,
И сеют зло они средь бела дня,
Им мало – жизни детские отнять.

Окончен бой и автомат заглох,
И только, слышен стон из пустоты.
Где материнский замирает вздох
И плачь отца до хрипа у черты...

Прошли года, но не утихла боль...
Весь мир поныне в яростном огне.
Прошу я Бога: «Больше не неволь,
Пусть люди не страдают на земле!»

И разнесется колокольный звон,
Даруя нам от злобы оберег.
Пускай восторжествует тот закон,
Где благостью наполнен человек!

*25.08.2026 год*

***Нур дууæ æма инсæй анзей дæргъи Цæгат Иристони сентябри фиццаг æртæ бони исунцæ саумарой æма имисуни бæнттæ – еума æма еума хатт бабæй зæрдристæй фæхъхъонц кæнæн, 2004 анзи Беслæни фиццаг скъолай ци фудбæлах æрцудæй, уоми ка бастъалдæй, уони рохс нæмттæ, нæуæгæй æма нæуæгæй бабæй нæ зæрдитæ ниддунсунцæ цæстисугæй... Куд иннæ æнзти, уотæ аци анз дæр Беслæни фудбæлахи фæдбæл берæ аллихузон номерæн мадзæлттæ арæзт æрцудæй нæхемæ, Цæгат Иристони, уæдта ма Уæрæсей берæ рауæнти дæр, саунгæ ма фæсарæнти дæр.***

***Зæрдристæй имисæн, зæрдхъурмæй хъонц кæнæн... Фал цард цард æй, æхеуон агоруй... Æма аци бæнтти дæр нæ сагъæс гъæуама уа нæ кæстæрти ирисхъæбæл, цæмæй амондгундæр уонцæ, цæмæй син сæ рохс бæлдитæ æнтæстгинæй исæнхæст кæнун бантæса, уобæл нæ архайун гъæуй. Аци бæнтти нæ республики ахургæнæндæнтти райдæдта ахури нæуæг анз, æма нæ ахурдзау фæсевæд рæствæндаг кæнæнтæ!..***

**ХУÆРЗАГАДÆ**



## АГЪАЗГÆУАГИ БАРÆВДАУН ÆЙ УОДИ ФАРНÆ

Еугонд Нацити Организаций Генералон Ассамблейæ 2012 анзи декабри ци унаффæ рахаста, уомæ гæсгæ алли анз дæр 5 сентябри бæрæггонд цæуй хуæрзагадондзийнади Æхсæндуйнеуон бон. Нисангонд ба 'рцудæй дуйней мæгурдзийнадæбæл фæуууæлахез кæнуни æма хуæрзагадондзийнади райрæзти сæрбæлтау удуæлдайæй хъиамæттæнæг, Нобели премий лауреат, дзенети бадæг мадæ Терезæ Калькуттаги номерæнæн.

Уæрæсей ма бæрæггонд цæуй æхсæнадон-аргъауæндони бæрæгбон – битирадæ æма хуæрзагадондзийнади Еугуруæрæсеуон бон. Е дæр баст æй циттийнаг силгоймаг Иулиани Лазаревскойæй (Муромаги) рохс номи хæццæ. Е дæр фескъуæлхтæй æ удуæлдай лæггæдтæй мæгуртæн, æвæлгъазæ æма седзæртæн. Хуæрзагадондзийнади Æхсæндуйнеуон бони æмзæлон æрмæгутæ кæсетæ 3-аг фарсбæл.

**АХСГИАГ ГЪУДДАГ**



## ÆВЕРХЪАУДЗИЙНАДÆН НИХХАТИРГÆНÆН НÆЙЙЕС!..

Дууæ боней дæргъи Пятигорски информацион центр ТАСС-и фæзуати æ куст кодта стратегион сесси. Дзубанди си цудæй, «1941-1945 æнзти Цæгат Кавкази федералон зилди геноцид бавзарæг советон адæмти нæмттæ исæнсон кæнуни туххæй» федералон закъони ахедундзийнадæ цæмæй фулдæр æргомгонд цæуа информацион фæрæзнити, уой туххæй. Уой фæдбæл адтæнцæ сæ радзубандитæ Уæрæсей Президенти Цæгат-Кавказаг зилди Æнхæстбаргин минæвæри хуæдæййевæг **Евгений Ткачевæн**, Уæрæсей культури министри хуæдæййевæг **Жаннæ Алексеевайæн**, Паддзахадон Думи депутат **Ольгæ Занкойæн** æма æмбурди архæйæг иннæ бæрнон косгутæн.

Сесси дзурдтонцæ геноцид бавзарæг советон адæмти историбæл, æ фæстеугутæбæл, нуриккон цардбæл етæ куд фæббæрæг æнцæ, уой туххæй. Фæббæрæг кодтонцæ федералон закъони устур ахедундзийнадæ.

*Жан-Жак РУССО (1712-1778), французаг рохситауæг: «Адæм, адæймагуарзон уотæ!.. Е æй уæ ахсгиагдæр ихæс. Цийфæнди уавæрти дæр, цийфæнди кари уодгоймæгтæн дæр аргъ кæнетæ, уæ зæрдæмæ арф есетæ сæ менеугутæ, сæ цийнæ, сæ рес, сæ гъигæ!.. Адæймагуарзон унæй устурдæр гъуддаг ма ци ес*

# ЗОНУНДЗИЙНÆДТИ ДУЙНЕМÆ РАНÆХСТÆР ÆНЦÆ РАЗÆНГАРДÆЙ



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

Райдæдта нæуæг ахури анз! Райдзаст кълæстæ æма тургътæ æнгъæлмæ кæсунцæ ахурдзаутæмæ. Хуарз ахур кæнунæн, сувæллæнтти æнæнездзийнадæ федар кæнунæн не скъолати ес еугур гæнæнтæ дæр.

Нæуæг ахури анзи райдайæнмæ, Зонундзийнæдти бонмæ, зæрдиагæй фенгъæлмæ кæсунцæ скъоладзаутæ, ахургæнгутæ, ниййергутæ. Уæлдайдæр ба æзинæ дæр ма æнæмæтæй ка гъазта æма фиццаг къласмæ ка бацæуд-зæнæй, цæхæри хузæн еци биццеутæ æма кизгуттæ. Æма куд нæ! Етæ, скъолай фарни къæсæртæбæл бахезгæй, сæхецæн байгон кæндзæнæнцæ нæуæг – зонундзийнæдти дуйне. Искæндзæнæнцæ сæхецæн нæуæг лимæнтæ, нæуæг æмбæлттæ, фал сæ хуæздæр лимæн æма ахури надбæл æмбæлццон уодзæнæй киунугæ, зæрди æма зунди рохс кæцæй есдзæнæнцæ, еци дессæгти дессаг. Сувæллон сувæллон æй, æ зæрдæ нурма гъазунмæ æхсайдзæнæй, фал сæ царди нæуæг къæпхæнмæ ке бахезд-зæнæнцæ æма сæ рахаст раййевун ке гъæудзæнæй, уой син гъæуама сæ зунди ниффедар кæнонцæ сæ ахургæнгутæ, сæ ниййергутæ.

Республикæ Цæгат Ирис-тон-Аланий ахурадæ æма науки министр **Алибегти Эллæ** исбæрæг кодта, нæуæг ахури анзмæ министради къохи ци фарстатæ бантæстæй ралух кæнун, уой.

Æ дзубандимæ гæсгæ, республики еугур районти дæр рахецæн æнцæ ахургæнгути августи мæйи æмбурдтæ. Дзубанди си цудæй нæуæг ахури анзи нисантæбæл, кадгин уавæри лæвæрд æрцудæнцæ 186 федералон хуæрзеуæги.

– Аци нæуæг ахури анзмæ бундорон цалцæги фæсте байгон æнцæ 14 скъолай, еу скъола ба – райарæзти фæсте. Регион нæуæг ахури анзмæ райста 258673 нæуæг ахургæнæн киунуги: 51304 – ирон æвзаг æма литератури, 55160 – паддзахадон ахургæнæн киунугутæ æхсæнадæ зонунадæ æма историй, 152209 – «ФГОС»-и фæлгæти фонд иснæуæг кæнунæн. Никки ма нæуæг ахури анзæй республики гъæути косун райдайдзæнæнцæ 19 ахургæнæги национ программæ «Гъæууон ахургæнæг»-и фæлгæти. Алкедæр си паддзахади къазнайæй райста 1 миллион соми, цæмæй син сæ нæуæг бунати цæрунæн æма косунæн агъази фæрæзнæ уонцæ. Нæуæг ахури анзи фиццаг къласмæ бацæуни туххæй балæвардтонцæ 8347 курдиади. Фиццагкъласонтæ республики Сæргълæуужги номæй райсдзæнæнцæ лæвæрттæ.

Нæуæг ахури анзæй республики скъолати косун райдайдзæнæй 138 æригон ахургæнæги. Никки ма райстан 27 нæуæг автобуси. Нур республики скъолати ес æдеугурæй 192 автобуси, – фæннисан кодта министр.

Нæ кæстæртæн сæ федæн бæллеццаг æма амондгун уæд. Царди хуарздзийнæдтæй хайгин уотæ, нæ дзæбæх кизгуттæ æма биццеутæ. Аккаг хъæболтæй байрæзетæ нæ Райгурæн бæстæн.

УÆРÆСЕЙ ФЕДЕРАЦИЙ СОЦИАЛОН ФОНДИ ЦÆГАТИРИСТОЙНАГ ХАЙАДИ ПРЕСС-СЛУЖБÆ ИГЪОСУН КÆНУЙ

# ЕУМÆЙАГ ПОСОБИ БАФИСТОНЦÆ



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

Аци анз Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ регионы биийнонтæн еумæйаг пособи бафедунæн радех кодта 11,3 миллиард сомемæй фулдæр.

Амунд пособи нæ республики есунцæ æвддæс анземæй кæстæр 73,5 мин сувæллони æма 2,3 мин æнгъæлдзау силгоймаги. Гæнæн ес, æма фæццæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр хæрзти бæрцæй 50 проценти, 75 проценти æма 100 проценти ке бæрцæ уодзæнæй, феддони бæрцæ аразгæ 'й биийнонти еци æфтуйаги бæрцæй: æнгъæлдзау силгоймæгтæн нимайунцæ косунгъон адæмæн фæццæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр хæрзти бæрцæ (Цæгат Иристони – 18579 соми), сувæллæнттæн ба – сувæллонæн фæццæрунæн гъæугæ хæрзти тæккæ минкъийдæр бæрцæ (16534 соми).

Уæрæсей Федераций граждæнтæ ка 'нцæ æма еудадзуг Уæрæсей ка цæруй, еумæйаг пособийæн гæгъæдитæ исаразуни барæ ес нæ республики цæрæг уæхæн адæймæгутæн. Пособийæн гæгъæдитæ аразуни рæстæг пайда кæнунцæ биийнонти æфтуйæгтæ æма сæ есбонæн еумæйаг аргъкæнуйнади фæткæй, уæдта ниййергутæ косунцæ æви нæ, кенæ ба æгуст объективон рæуонæй æнцæ æви нæ, уони нимайунцæ.

Феддони фæдбæл барæ цæмæй исæвзура, уой туххæй хигъдон рæстæгмæ (12 мæйемæ) косунгъон биийнойнæгти æфтуйаги бæрцæ гъæуама уа тæккæ минкъийдæр 8 тæккæ минкъийдæр мизди бæрцæ, гъома, 216744 соми (аци анзи райдайæнæй фæстæмæ тæккæ минкъийдæр мизди бæрцæ 'й 27093 соми). Биийнойнаги рæстæмбес æфтуйаги бæрцæ адæймагæн фæццæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр хæрзти бæрцæй (гъома, биийнойнагæн – 17045 соми) фулдæр гъæуама ма уа.

– Уæ зæрдæбæл уин лæуун кæнун: июлæй фæстæмæ феддон æвæруни нæуæг фæткæ архайун райдæдта. Сæйраг нæуæгдзийнадæ барæ даруй «Нолон æфтуйаг»-мæ: нурæй фæстæмæ косунгъон ка нæй, уæхæн адæймагмæ зелуни æуууæл мизди цохдзийнади ахсгиаг рæуонæбæл нимад æй айдагъдæр æвдист хеуондзийнади рæстæг. Хеуæнттæбæл нимад æнцæ лæг æма уосæ, цæуæт, ниййергутæ, æнсувæртæ, хуæртæ, бабатæ, нанатæ æма хъæболтæ (цæуæти цæуæт). Аци фæткæ хауй фиццаг къуари инвалидмæ, цуппарин-сæй анземæй хестæр адæймагмæ, кенæ ба фæккæсуйнаг зæрондмæ зелуни рæстæг, – зæгъуй амунд хайади разамонæг **Милдзихти Аслан**.

Адæймагмæ ке зелунцæ, уобæл дзорæг гæгъæдитæ официалон уагæй исаразун гъæуй Социалон фонди. Хеуондзийнадæ бавдесунæн курдиадæбарветæги багъæудзæнæнцæ ЗАГС-и документтæ (райгурди æма къайадæ исаразуни туххæй æвдесæндартæ). Æфтуйаги цохдзийнади ахсгиаг анхоссæгтæ хигъдон рæстæгæй тæккæ минкъийдæр 10 мæйей дæргъи кæд архайдтонцæ, уæд гæнæн ес æма мизд нæ уодзæнæй нолон. Кæд амунд рæстæгæй минкъийдæр, уæдта тæккæ минкъийдæр мизди бæрцæ нимайунцæ хайадон уагæй.

Никкидæр ма еу æйййивддзийнадæ барæ даруй цæрунади бунатмæ цæстдардмæ: адæймаг кæми адтæй, уæхæн бунæттæмæ гæсгæ ке барвистонцæ, нурæй фæстæмæ цæруни æуууæл бæлвурд кæнунцæ еугур уæхæн курдиæттæмæ гæсгæ, регионти фæццæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр хæрзти гъæуагæдзийнадæ нæ нимайгæй. Фонд бæрæггæнæнти фулдæр хай исбæлвурд кæндзæнæй хуæдбарæй ведомствити еумæйаг (кустдæттæги, пособий, пенсий, цæрæнуатон-коммуналон лæггæдти фæдбæл льготитæ æма берæсувæллонгин биийнонти уагæвæрди туххæй) бафæрстити фæрци.

Бæрæггæнæнтæ автоматикон уагæй растбæл нимад кæд æрцæуонцæ, уæд документтæ нæ гъæунцæ. Æндæр уавæр кæд уа, уæд курдиадæ барветæг адæймагæн бафæдзæхсдзæнæнцæ цæрæнуат байхуæрсуни туххæй бадзурд, кенæ сувæллони скъолайæй, кенæ ба рæвдауæндонæй гæгъæди бавдесун.

Фарстатæ уæмæ кæд байзадæнцæ, уæд уин ес **8-800-100-00-01** телефонæй Уæрæсей Социалон фонди еумæйаг контакт центрмæ лæвар фæддздзоруни барæ (Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæнмæ – 9:00 сахатемæй 18:00 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба 9:00 сахатемæй 16:00 сахаттей æма 45 минути уæнгæ).

Не 'мзæнхон номдзуд балхон, Устур Фидибæстон тугъди хъазауатон архайæг, артиллерий инæлар-лейтенант Гацолати Аслæмурзай фурт Виктори райгурдбæл 10 сентябри æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1916-1994).

***БРИТЪИАТЫ Елбыздыхъо (1881-1923), нæ национ драматурги æма театри бындурæвæрæг: «Дæ зæрдæйæ цод уарзондзинад, зонд та йын – фæндагамонæг. Дæ дзуаппæн иудадзыг йæ тых ма ’ргом кæн. Кæм хъуа, уым та пакъуыйæ фæлмæндæр æмæ хъармдæр уæд дæ уарзон ныхас – йæ тавдæй хъæбæр зæрдæ фæлмæн куыд кæна!..»***



*Раздæр ма куд игъосун кодтан, уотемæй нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Парламентмæ барвиста «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий паддзахадон æвзæгти туххæй» Закъони проект, цæмæй имæ дзиллонæй каст æрцæуа æма алкæмæн дæр равгæ уа æ гъудитæ уой фæдбæл рагацау зæгъунæн.*

*Аци хабари фæдбæл æримистан уой дæр, æма 1992 анзи дæр гъавтонцæ нæ республики адæмти æвзæгти туххæй Закъон бацæттæ кæнун. Æ проект мухургонд æрцудæй газетти, цæйбæрцæдæр рæстæги дæргъи уонæми мухургонд цудæй аллихузон уацтæ дæр. Уонæй цалдæр рамухур кодтан нæ газети айразмæ номерти.*

*Ка ’й зонуй, ескетæ уотæ дæр зæгъдзæнæнцæ, рагон хабæрттæ ма ци имисæн, зæгъгæ. Махмæ гæсгæ ба сæ, æнæмæнгæ, зонун гъæуй, уомæн æма уæд, цуппæрдæс æма инсæй анзей размæ нæ мадтæлон æвзаги ирисхъи фæдбæл дзубандий ци фарстатæ иссагъæссаг æнцæ, етæ нæ абони дæр минкъийдæр нæ тухсун кæнунцæ. Куд уæд, уотæ нур дæр рæстауодæг гъудити хæццæ ахид райгъусуй æдзæлгъæдæ зæгъдтитæ.*

*Гъо, алкедæр ес æ гъуди зæгъуни барæ – æцæг хуæрзгæнæг ку уа. Уотемæй ба ахид райгъусуй рæузундти, хилæкъахгути дзæнгæда. Уæлдайдæр ба, дигорон æвзаги нихмæ дзоргутæ ци тæргæйттæ ракæнунцæ, етæ ба бустæги æнæбунати фæуунцæ. Уомæн æвдесæнæн – мæнæ абони ци уац мухур кæнæн, е. Фæззиндтæй газет «Рæстдзинад»-и 1992 анзи 30 апърели, Цæгат Иристони адæмти æвзæгти туххæй Закъони проектбæл дзубанди ку цудæй, раст гъеуæд. Æ ниффинсæг ци æведауцæ дзубандитæ кæнуй дигорон æвзаги туххæй, уони дудзигъæр, гъулæггагæн, абони дæр райгъусуй «æвзагзонунади дæснитæй» еуæй-еуети цъухæй. Уогæ, кæсетæ еци уац æма уæхуæдтæ дæр хатдзæгтæ кæнетæ.*

# КАНД МÆН ХЪУЫДЫ НÆУ

Абон нæм ныхас цæуы ЦИ ССР-йы адæмты æвзæгты тыххæй Закъоны проектыл. Æз дæр зæгъдзынæи мæ хъуыды, Закъоны проекты 1-æм статьямæ гæсгæ ЦИ ССР-йы паддзахадон æвзæгтæ сты ирон æмæ уырыссаг. Уыцы статья ивд куы нæ æрцæуа, уæд ирон æвзаг абон цы кæуинаг уавæры ис, уым баззайдзæн. Уымæн æмæ барвæндонæй (бар та йын дæтты Закъон) никæцы организаци рахиздзæн уырыссаг æвзагæй иронмæ.

Абон уырыссаг скъолаты бирæ ирон сывæллæттæ куыд нæ ахуыр кæнынц се ’взаг (сæ ныййарджыты фæндонмæ гæсгæ), афтæ уыдзæн. Закъон, фыццаджыдæр, хъуамæ ирон æвзаг зоныны хæс æвæра канд ирæттыл нæ, фæлæ республикæйы æппæт цæрджытыл дæр. Мах хъуамæ бафæнзæм нæ сыхæгты: кæд æмæ 70 азы дæргъы Гуырдзыстоны гуырдзиæгтæ уыдысты 40-50 проценты, уæддæр хъомылады, ахуырады, наукæйы, æнæниздзинады æмæ царды æндæр къабæзты сæйраг бынат ахста гуырдзиаг æвзаг.

Уæдæ, кæд абоны суверенон ЦИ ССР-æн Уæрæсейы Федерацийы фылдæр бартæ ис, раздæры Цæдисы Гуырдзыстонæн цы бартæ уыд, уымæй, уæд цæмæн æфсæрмы кæнæм кæмæйдæр (нæхицæй нын куы ничи æфсæрмы кæны), цæуыннæ дзурæм æргомæй, ирон зæххыл ирон æвзаг сæйрагдæр кæй хъуамæ уа, уый.

Рацаразын хъæуы уæдæ 1-аг статья мæнæ афтæ: ЦИ ССР-йы паддзахадон æвзаг у ирон æвзаг, ирон æвзаджы фæстæ æппæты фылдæр бартæ лæвæрд цæуы уырыссаг æвзагæн. Уый фæстæ сæ хуыз аивдзысты Закъоны иннæ статьятæ дæр, зæгъæм, 20-æм æмæ 22-æм.

20-æм статья хъуамæ амона афтæ: ЦИ ССР-йы сывæллæтты рæвдауæндæтты, скъолаты æмæ институтты бындурон нацийы адæймæгты (ирæтты) æмæ иннæ нацитæй кæй фæнды, уыдон хъомылад æмæ ахуырад хъуамæ цæуа ирон æвзагыл; уырыссаг æмæ æндæр нациты æвзагыл хъомылад æмæ ахуырад кæм цæуа, уым та, нацимæ нæ кæсгæйæ алчидæр ахуыр кæнæд ирон æвзаг. Чидæртæ тæрсынц, зæгъгæ, математикæ, физикæ, биологи æмæ æндæр предметтæ иронау зын ахуыргæнæн сты. Ахæм ахуыр, дам, уыд хæсты фæстæ æмæ, дам, скъоладзауты æййафындзинад æрныллæг, зын æмбарæн æмæ зын дзурæн, дам, уыдысты иронау терминтæ, формулæтæ, теоремæтæ. Уыцы хъуыдымæ гæсгæ æрмæст уырыссагау ис бамбарæн æрдзон предметæн. Уæдæ цымæ стыр япойнаг, немыцаг, францаг, гуырдзиаг, сомихаг физиктæ æмæ математиктæ цы ’взагыл ахуыр кодтой? Æви ирон æвзаг дунейы æвзæгтæй зындæр у? Ам хъуыддаг æвзаджы аххос нæу. Математикæ, физикæ æмæ биологи хауынц æрдзон уæззау предметтæм, алчи сæ не ’мбары. Ууыл та дзурæг у уый, æмæ абоны онг æрмæст дыууæ иронæн бантыст доктортæ суæвын математикæйæ (Гуыдиаты Д., Къусраты А.) æмæ иу адæймагæн та физикæйæ (Сиукъаты Н.). Кæй зæгъын æй хъæуы, бæрзонд наукон-методикон æмвæзыл хъуамæ фæзыной ирон æвзагыл чингуытæ математикæйæ, физикæйæ.

Ирон скъола, дам, кæм уа, уым куы разына уырыссæгтæ, кæна æндæр нациты сывæллæттæ, уæд куыд кæндзысты. Цымæ мах иннæ нациты уæлдай цæмæн тæрсæм, исчи нын не ’взаг куы сахуыр кæна, уымæй? Гуырдзыстоны æмæ Сомихы ис ахæм районтæ, æмæ дзы уырыссæгты æмæ æндæр нациты нымæц у 5-8 мины онг, фæлæ дзы иунæг уырыссаг скъола дæр нæй. Æфсæрмыйы рæстæг фæци, не ’фсармы тыххæй фаг фесæфтам. Не ’взагыл, нæ культурæйыл чи не ’ввæрсы, уымæн йæ фæндаг раст. Зæгъын ма мæ фæнды уый, æмæ ирон æвзагыл ахуыр цы скъолаты цæуа, уым уырыссаг æвзаджы сахæттæ хъуамæ уой фылдæр, абоны уырыссаг скъолаты уырыссаг æвзаджы сахæттæй. Цæмæй скъола куы фæуа ахуыргæнинаг, уæд уырыссаг æвзагыл дæр йæ бон уа йæ ахуыр адарддæр кæнын.

Раст мæм нæ кæсынц Закъоны проекты 37-æм статья, зæгъгæ, Дыгуры æмæ Æрæфы районты иумæйаг ахуырадон скъолаты райдайæм къласты предметтæ, дам, ахуыр кæнынц ирон литературон æвзагыл, кæнæ та дыгурон диалектыл, æмæ Малиты Васойы 1-æм статьяйы уæлæмхасæн хай: «ЦИ ССР-йы паддзахадон æвзæгтæ сты ирон (ирон, дыгурон) æвзаг...»

Ацы фарсты тыххæй йæ хъуыды тынг раст загъта Хуыбецты Шалва, фæлæ, хъыгагæн, не ’хсæн ис змæнтджытæ. Уыдон архайынц, цæмæй армы дзаг ирон адæмы скæной кæрæдзийы ныхмæ, нæ литературон æвзаг ныддихтæ уа (уыдонæй иу у Малиты Батраз). Нæ дзурдзыстæм Италийы фондз диалекты тыххæй лыстæг æмæ цы стыр тохы фæрцы сырæзт абоны Италийы литературон-наукон æвзаг, ууыл. Æрдзурæм, нæ цуры цы Гуырдзыстон ис, ууыл. Гуырдзыстоны нс авд ныхасыздæхты æмæ цыппар диалекты, кæд сын диалекттæ схонæн ис, уæд: мегрелаг, сванаг, гурулаг, тушаг.

Ацы диалекттæ гуырдзиаг литературон æвзагæй афтæ дард сты, æмæ, зæгъæн, мегрелаг, кæнæ сванаг йæхи æвзагыл куы дзура, уæд æй картлиаг æвзагыл дзурæг (гуырдзиаг литературон-наукон æззаг, арæзт у картлиаг æвзаджы бындурыл) бынтондæр не ’мбары. Ахæм уавæры ис тушаг диалект дæр. Гурулаг диалект хæстæг у гуырдзиаг литературон æвзагмæ, ирон æвзаг дыгурон диалектмæ куыд æввахс у, афтæ.

Кæд хъуыддаг афтæ у, уæддæр ацы адæмтæй ничи тох кæны абон нæхи литературон-наукон æвзаг саразыныл, нæдæр республикæйыл, кæнæ автономийыл. Уавæр та сын ахæм хъуыддæгтæ саразынæн тынг хорз ис. Зæгъæм, мегрелтæн сæ 60 проценты бæрц цæрынц ныгуылæн Гуырдзыстоны иу ран, сæ нымæц у милуан адæймагæй фылдæр, сванты нымæц у 300000, цæрынц уыддон дæр иу ран, гурултæ дæр цæрынц ныгуылæн Гуырдзыстоны иу ран, сæ нымæц у 400000 адæймаджы бæрц. Æппæтæй дæр сæхи хонынц гуырдзиæгтæ, сæ паспортты дæр фыст сты гуырдзиаг.

Искæмæн дзы куы зæгъай, ды гуырдзиаг нæ дæ, уæд ын туджджын фестдзынæ. Се ’взаг хонынц къуымон æвзаг (къутхури ена.) Уымæй дарддæр, Гуырдзыстоны афтæ ничи зæгъдзæн, уæртæ уый у мегрел, кæнæ сван æмæ цæмæн кусы ахæм бæрзонд бынаты. Зæгъæм, Шеварднадзе, Гуырдзыстоны Компартийы Центрон Комитеты раздæры фыццаг секретарь Мжаванадзе, стыр гуырдзиаг фыссæг Нодар Думбадзе сты гурултæ, стыр фыссæг Константинэ Гамсахурдиа, академик Векуа, артисттæ Хорава, Соткилава сты мегрелтæ, стыр лингвист, ирон æвзаджы тыхджындæр иртасджытæй иу Ахвледиани, фыссæг Маргиани сты свантæ.

Иу рæстæджы «Дыгурон адæмы хъæппæрисон къорд» йæхи чи схуыдта, ахæм къорд мегрелæгтæм дæр фæзынд. Фæлæ бирæ нæ ахаста. Мегрелаг æцæг интеллигенци йæ ныхмæ рацыдысты, рахуыдтой къорды мегрелты фæндаг æхгæнджытæ æмæ нацийы знæгтæ. Цымæ мегрелтæ афтæ куы нæ сарæхстаиккой, уæд Гамсахурдиатæ, Сигуатæ, Чантуриатæ, æмæ бирæ æндæртæ Гуырдзыстоны боныхъæд аразджытæ суыдаиккой? Иннæ гуырдзиæгтæ сын нæ загътаиккой, стыр бынæттæ ссæрибар кæнут æмæ уæ районтæм ацæут?

Уæдæ дыгурон диалект цæмæй паддзахадон æвзаг суа, ууыл цы «патриоттæ» тох кæнынц, уыдон, æвæццæгæн, сæ– хи зондджындæр æнхъæлынц италиæгтæй æмæ гуырдзиæгтæй. Тæрхонгæнæг фæут уæхæдæг.

Æз Цæгат Ирыстоны никуы царддтæн æмæ нæ цæрын, нæ ахуыр кодтон сæрмагондæй дыгурон диалект, фæлæ цы бакæсын, уый бамбарын, цы стæм ныхæстæ нæ фæзонын, уыдон дæр хъуыдыйады мидисмæ гæсгæ æрцахсын.

Уæдæ цæмæн хъæуы мах ирон æвзаджы дыккаг экземпляр, цæмæн хъæуы дыгурон диалектыл чингуытæ, журналтæ, газеттæ. Худинаг нæу: се ’взаг бынтон дард кæмæн у, уыцы адæмтæ иу литературон-наукон æвзагыл тох кæнынц, мах та, ирон æвзагмæ бынтон æввахс чи у, уыцы дыгурон диалектыл литературон-наукон, паддзахадон æвзаг аразын фæнд кæнæм.

Алы ирон лæг хъуамæ зона, мах Уæлладжыр, Дыгур, Туалтæ, Куыртаттæ, Дæргъæвсгом, Рукъгом, Чысангом æмæ Къуыдар стæм иу туг, иу стæг, иу æвзагыл дзурæг ирон адæм æмæ нын хъуамæ уа иу ирон литературон-наукон æвзаг, иу паддзахадон æвзаг. Не ’взаджы уæлæнгай хицæндзинæдтæ та сты нæ географион равæрды аххос, ома, иу комæй иннæмæ зын бафтæн кæй уыд æмæ иу комы адæм иннæ комы адæмыл кæй не ’мбæлдысты, уый тыххæй.

Уæдæ афтæ: нæ сæрæй апарæм нæ адæмы кæмттæм гæсгæ дих кæныны хъуыддаг æмæ аразын райдайæм иу литературон-наукон хъæздыг æвзаг. Уый куы нæ саразæм, уæд фæстæдæр нал дæр дыгурон диалект уыдзæн, нал дæр ирон æвзаг. Уый æрмæст мæ хъуыды нæу.

***ПЛИТЫ Феликс,***
***физикон-математикон наукæты кандидат, доцент.***

## РЕДАКЦИОН ФÆСДЗУРД

Ку зæгъæн, аци уац мухури фæззиндтæй, 1992 анзи дзубанди Цæгат Иристони адæмти æвзæгти туххæй Закъони проекти фæдбæл ку цудæй, уæд. Еци рæстæги кадæртæ хъæбæр карзæй дзурдтонцæ дигорон æвзаг паддзахадонбæл нимайуни нихмæ. Уонæн, махмæ гæсгæ, баруагæсунгъон дзуапп равардта нæ зундгонд поэт Малити Васо, газет «Северная Осетия»-йи (1992 анзи 9 апърели) ци уац рацудæй, уомæй. Малий-фурти еци уац мах абони мухур кæнæн уомæ гæсгæ, æма абони дæр ма æ зæгъуйнæгтæ ахедгæ ’нцæ, æма дигорон æвзаги нихмæ дзоргутæ кæдимайди ба сæ кеми æрцæуиуонцæ, сæ зæрдихатт раййевиуонцæ…





Васо АБАЕВ (сидит в кресле в середине) во время встречи с представителями творческой интеллигенции Северной Осетии. Слева от него сидит Васо МАЛИЕВ.

# БРАТСТВО ЕСТЬ РАВЕНСТВО

Родина, земля предков… Смысл этих слов понятен каждому. Но есть народы, которые в силу исторических событий потеряли свою родину, землю предков, не приобретя взамен другую землю. Но все же они как этнос не исчезли, сохранили свое лицо и достоинство в мировом сообществе благодаря тому, что не забыли свои языки. Но если уж история хотела с особой свирепостью расправиться с тем или другим племенем, искоренить его, стереть с лица земли, то для этого она знала верное средство: уничтожала его язык, предавая его вечному забвению.

Вот почему так дорого каждому человеку родное слово. И нельзя удивляться тому, что появление в печати проекта Закона «О языках народов СОССР» вызвало среди населения республики большой интерес.

«Мне выпала честь работать в составе комиссии по выработке вышеназванного проекта. Тот, кто внимательно читал его, не мог не обратить внимание на предложенный мною альтернативный вариант статьи 1 (глава 1, Общие положения): «Государственными языками Северо-Осетинской ССР являются осетинский (иронский и дигорский) и русский языки».

Внося такое изменение в законопроект, я исходил из следующих соображений.

На современном уровне развития осетиноведения как науки, где работали и работают такие корифеи, как А. Шегрен, В. Миллер, В. Абаев и другие, осетинский язык рассматривается как язык, состоящий из двух диалектов – иронского и дигорского, с признанием за последним большей близости к истокам: «Неоценимой сокровищницей для историка осетинского языка является в особенности дигорский диалект». (В. Абаев).

Такую же мысль высказывает Г. Ф. Турчанинов: «На основании открытых мною осетинских надписей, которых накопилось большое количество, подтверждается прежнее положение, что основным и более древним диалектом осетинского языка является дигорский. Иронский диалект появляется позже». (Орджоникидзе, 1967 г.)

Не углубляясь дальше в научные рассуждения, я хочу еще раз напомнить об общеизвестной истине: осетинский язык уникальное явление, и бездумные, не учитывающие это обстоятельство стандартные решения по отношению к нему неприемлемы.

Если мыслить образами, то наш язык можно сравнить с могучим деревом с древними корнями, равновеликие ветви которого одинаково цветут весенним цветом.

Разумно ли рубить одну из этих ветвей? Ни один здравомыслящий человек не ответит утвердительно на этот вопрос. Тем не менее, в 1936 году варварский топор был занесен над дигорской ветвью. И была нарушена внутренняя гармония жизни древнего народа. Это была казнь, и, она была совершена не народом, не отдельными людьми, а тоталитарной системой, на счету которой неисчислимые преступления. Конференция по языковому строительству в Северной и Южной Осетии, проходившая в 1936 году, приняла решение: «...прекратить издание учебной литературы и словарей на дигорском наречии», в течение ближайших двух-трех лет перевести все преподавание в дигорских школах на единый литературный язык: немедленно перевести на этот язык все делопроизводство».

В приведенной резолюции без труда распознается родной большевистский стиль. Читая сегодня документы «конференции», не можешь отделаться от впечатления, что они создавались и утверждались не учеными-филологами и писателями, людьми самой гуманной профессии, а неким военным советом, разрабатывающим стратегический план наступления на неприятеля.

Боже, убереги наш парламент от подобной ошибки!

Известный поэт и публицист Г. Цаголов тогда написал стихотворение, где рассказывается о «похоронах» дигорского языка. В нем есть такие строки:

*Пойдем же!.. Готова*
*могила!..*
*Умри!.. Тебе не к чему*
*жить!..*
*Для нас в единении –*
*сила,*
*А ты нас готов распылить!*
*Идут... Вот глубокая яма...*
*Вот длинный могильщиков*
*ряд...*
*Сочувствия, скорби –*
*ни грамма!*

Как будто пришли на парад.

По поводу этого стихотворения 20 августа 1936 года Сармат Косирати писал: *«Жена Георгия Цаголова Сапархан рассказывала мне (когда Георгий передавал мне стихотворение), что оно было написано очень быстро, в очень возбужденном состоянии. Когда Георгий читал это стихотворение дочери Марии, то он временами останавливался, у него подлирало в горле, а на глазах показывались слезы».*

Вот такой болью отозвалась весть о самосуде над величайшим достоянием народа – его языком – в сердцах всей дигорской части осетинского населения.

Государственная политика, в основном ориентированная на насилие и репрессивные методы, нанесла огромный ущерб самобытности нашей нации, ее духовному развитию. Но в борьбе с ее живым языком она оказалась сама побежденной. Дигорское слово звучало детскими голосами, в молитвах стариков, в причитаниях плакальщиц, в песнях; несмотря на преследования, на нем создавалась художественная литература.

Если наш парламент при принятии Закона о государственных языках СОССР не учтет уроки прошлого, естественный уклад народной жизни, исторически сложившиеся отношения между иронцами и дигорцами, то неизбежны ошибки, о последствиях которых политики не имеют права не думать.

Сегодня более чем, очевидно, что командно-административный принцип строительства единого литературного осетинского языка потерпел крах, он отвергнут самой жизнью. И возвращаться к нему означало бы пытаться реанимировать «труп» тоталитаризма на земле Осетии. То, что единая осетинская нация говорит на двух аланских языках, надо рассматривать как бесценное духовное богатство, – оно дано нам Богом. То, что существуют два литературных языка – иронский и дигорский – тоже факт. И заблуждаются, как дети, те, кто думает, что признанием такого факта нация расколется или образуются два разных народа.

Раскол может наступить только тогда, когда одной ветви дерева нашего языка будет отдано предпочтение, что обязательно снова повлечет за собой ущемление другой. Братство есть равенство – так говорили древние. Думая об этом, мудро поступили в свое время мордовцы, сохранившие единство своей нации при признании двух ее языков – мокшанского и эрзянского литературными, а ныне и государственными.

Ко всему сказанному надо добавить, что для конституционного признания дигорского литературного языка, наряду с иронским, сегодня в обществе подготовлена благоприятная психологическая обстановка. В этом немалую роль сыграли усилия лучшей части всей осетинской интеллигенции, и, конечно, долгое время терпеливое противостояние народного духа официальной политике в языковом строительстве.

Для развития дигорского языка уже делается немало: в Дигорском и Ирафском районах, обучение в начальных классах переводится на родной язык, и в этой связи появились первые учебники, больше стали печатать дигорских книг и статей в книжном издательстве «Ир», газете «Растдзинад».

Историческим событием в культурной жизни нашей республики стало создание ежеквартального литературно-политического журнала «Ираф». Во всем этом есть добрый знак времени. Но надо идти дальше.

***В. МАЛИЕВ,***
***главный редактор***
***журнала «Ираф».***

## ОТ РЕДАКЦИИ

Патриарх отечественного языкознания Васо Абаев в свое время написал прекрасное эссе о классике нашей национальной литературы Георгии Малиеве. Оно интересно весьма примечательными суждениями. Но Васо Малиев в своей статье почему-то не привел их, возможно, из скромности, так как написано о его отце.

А мы приведем отрывок из эссе Васо Абаева.

* * *

Говоря о роли музыки и музыкантов в романтической поэзии Малиева, не могу не сказать о музыкальности самих стихов поэта. Она – уникальная в дигорской поэзии. Именно Малиев, и только он, сумел раскрыть и показать во всей полноте, какие красоты ритма, напевности, свободного и плавного течения таит в себе дигорская речь.

Вот несколько наудачу взятых отрывков.

*Ци кæнуй, цума, ме ’лхуйнæ,*
*Ку нæбал зелуй дзæбæх?*
*Мæ цæститæбæл гъазунцæ*
*Сау нимæт æма сау бæх.*

**«Ælхуйнæ»**

Или:

*Нæй Дзулей зæрдæ æнцойнæ,*
*Йе æ фагæ нæ хуссуй, –*
*Æд æхсæвæ æд-æ-бонæ*
*Æ мæсугæй фæлгæсуй.*

**«Дзуле»**

Или:

*Куд ниххаудтæй мард и донмæ,*
*Уой æстъалутæ уидтонцæ...*
*Уой цæхъалтæ кæрæдземæн*
*Десæ – дзорæ фæккодтонцæ...*

**«Дзандзирахъ»**

Или:

*Сах не ’ркалдзæнæй хебари*
*Кедæр кизгæ цæстисуг, –*
*Дæ фæсмæрдæ номи кадæн*
*Гъæу не сдасдзæнæй мæсуг.*

**«Гудзуна»**

Или:

*И фарни тунæ*
*Æрфелауидæ, –*
*Уарзондзийнадæ*
*Æрфедар уидæ.*

**«Тæходуй, æна»**

Вслушайтесь в эти стихи. Раньше, чем доходит до сознания их смысл, они уже покоряют своим чарующим ритмом и звучанием. Когда читаешь такие стихи, невольно приходят на память слова Белинского, сказанные им о стихе Пушкина: «Что это за стих! Он нежен, сладостен, мягок, как рокот волны, тягуч и густ, как смола, ярок, как молния, прозрачен и чист, как кристалл...»

До Малиева на дигорском языке писал выдающийся поэт Блашка Гурджибеев. Богатство его языка изумительно. Но музыку дигорского стиха он еще не постиг. Немало стихов на дигорском языке написано и после Малиева. Многие из них отмечены, несомненно талантом. Но и в них уже не слышится рокот волны. Нет в них и прозрачности кристалла. Видимо, эту тайну, тайну певучего дигорского стиха, Малиев унес с собой в свою безвременную могилу.

* * *

***Этот отрывок из эссе Васо Абаева мы привели с тем, чтобы читатели обратили внимание на одно весьма важное обстоятельство: автор дигорский не раз обозначил как язык, а не как диалект.***

***Ну разве мнение гениального ученого, великолепного знатока осетинского языка не аргумент для тех, кто не желает дигорский язык признавать языком, а некоторые – даже и диалектом, отказывают ему в праве наравне с иронским быть литературным!***

*Рабиндранат ТАГОР (1861-1941), индийаг финсæг: «Сауæнгæ æстъегъгути æрдонг дæр цæмæй æрдонгæй байзайа, уой туххæй гъæуама цидæр уодæгъдауи уагæбæл хуæст уа: фудгæнгутæн сæ бон æй æма æнæгъæнæ дуйне дæр æстъегъонцæ, кæрæдзей ба – нæ…»*

**АДÆЙМАГ АДÆМИ ÆХСÆН Æ ФÆД ХУАРЗÆЙ ДÆР УАДЗУЙ ÆМА ЛÆГЪУЗÆЙ ДÆР!..**



КАДЖАТИ Вадими конд хузæ. Ист æй социалон хизæгтæй.

# ÆЛДАРИ КИЗГÆ КЕНÆ ДУУÆ ÆРДХУАРД ÆЛДАРИ

Хъæбæр адгинæй цардæнцæ дууæ æрдхуард æлдари.

Устур æууæнкæ адтæй сæ астæу, кæрæдзей цæра кодтонцæ, уотемæй æрвистонцæ сæ бæнттæ. Сæ хуæрдæ, сæ ниуæзтæ дæр – еу; куд фæззæгъунцæ, карки айкæ дæр дууæ æмбеси кодтонцæ; сæ еуей маст, сæ еуей цийнæдзийнадæ иннемæн адтæнцæ маст æма цийнæдзийнадæ.

Æлдæрттæй сæ еуемæн адтæй бицщеу æма кизгæ, иннæ ба адтæй æнæзæнæг. Еци хузæнæй рацардæнцæ еу къуар анзи, уотемæй зæнæггин æлдарæн рамардæй æ усæ. Æлдар уоййадæбæл дзурд равардта, еуемæй, сау ке бадардзæнæй анзи бонмæ, иннемæй, Каабæмæ ке фæццæуздзæнæй, цæмæй си басгара Мæхæмæти дзæппадзæ æма си пахампарæй уодибæстæ ракора æ мард æфсийнæн. Е 'рдхуарди хæдзари ниуугъта æ кизги, æхуæдæг æ фурти хæцгæ рараст æнцæ Каабæмæ.

Цæрунтæ байдæдта кизгæ æ фусунтæмæ. Боц æй дарунцæ æлдар æма æ усæ, кизгæ дæр, раст зæгъун гъæуй, сæ зæрдихудт нецæмæй хæссуй.

Уæд æлдар æма æлдари усæ гъазт искодтонцæ, цæмæй сæ иуазæг æрхун ма кæна. Берæ фæсевæд æрæмбурд æнцæ гъазтмæ, игъæлдзæг кæнунцæ адæми дæр. Минкъий си нæ адтæй рæсугъд кизгуттæ, фал си иуазæг кизгæй рæсугъддæр æма аййевдæр нæ разиндтæй. Фæсевæдæй еу къуар лæхъуæней зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй, корунвæндæ 'й искодтонцæ æма уой иской кодтонцæ æлдарæн.

Сæ цæстæ æрæвардтонцæ адæм æлдари кизгæбæл, æстаун æй райдæдтонцæ алли рауæн дæр: «Бакастæй дæр, лæгигъæдæй дæр нæ иуазæг кизги хузæн нæма адтæй, игургæ дæр нæ ракæндзæнæй. Неке искæндзæнæй, неке бахуйдзæнæй уой хузæн, уой дзоли кондæн æмбал нæййес, мадта æфсармæй, æгъдауæй ба 'й уæхæн æфсæрмигæнагæ, уæхæн иуонггин, æма бафæнзуйнаг æй алли кизгæн дæр…»

Æма бабæй æлдар гъазт исаразта. Фиццаг гъазтæй си фулдæр фæсевæд æрæмбурд æй – æвзаргæ кизгæй æма бицщеуæй. Гъазти дзиллæн сæ каст адтæй иуазæг кизгæмæ. Хестæрæй, кæстæрæй сæ зæрдæ пеллон арт уагъта æ уиндæй; кафунæй нæбал фæллайунцæ, игъосунæй нæбал æфсæдунцæ æ зарунмæ.

Фæсевæдæй никкидæр фулдæр бабæй ибæл дзорун байдæдтонцæ.

Æлдари хæдзарæ исфедудта иуазæг кизгæй. Кæстæреуæг кæнуй нæбал кизгæ хæдзари хецæуттæн – лæг æма усæн, зæнæги адæ си базудтонцæ етæ дæр.

Размæлæнтæ нæбал адтæй æвзаргæ фæсевæдæй æртиккаг гъазти: арвæй æхседарф ку æрхаудтайдæ, уæд зæнхæбæл нæбал исæмбалдайдæ. Нæ разиндтæй нур дæр иуазæг кизгæн æмбал уой бæрцæ кизги æхсæнæй. Гъазт райхалдæй, фæсевæдæй ба беретæ дзурд ниуугътонцæ æлдармæ кизги туххæй.

Æрмæтъæл æй æлдар, сагъæстæ кæнун байдæдта. Бонигон имæ арви рохс нæбал зиндтæй, æхсæвæ ба 'й хуссæг нæбал кæнуй. Катайбæл исæй æ меднимæр. Хæдзари гъуддæгутæмæ нæбал хатуй æ зæрдæ, хуæруйнаг ин адæ нæбал кæнуй. Бийнонтæ уинунцæ, æлдар æхе уагæбæл ке нæбал æй, фал цæмæн уотæ æрмæтъæл æй, уобæл ба 'й нæ фæрсунцæ: неке имæ хæссуй æ нифс.

Берæ фæхъхъурдохæн кодта æлдар, фал неци бафæразта, æрæгæй ардæмæ æ зæрди медæгæ ци æндавундзийнадæ исæвзурдæй, уой басæттунæн. Сайтани хай ибæл фæууæлахез æй.

Æлдар æма е 'рдхуард æнсувæри астæу ци æууæнкæ адтæй, дзилли 'хсæн си ци æфсармæ, ци кадæ адтæй – сæ еугуремæй дæр уарзондзийнадæ тухгиндæр разиндтæй. Æ иуазæг кизги бауарзта æлдар.

Фадуат ран ин ку фæцæй, уæд æлдар иской кодта кизгæн æ сагъæстæ, æ фæндæ. Арв æй цума æрцавта, уоййау фæцæй кизгæ, фал ма уотæ равдесун æ бон бацæй, цæмæй ибæл æлдар ма фæггурусхæ адтайдæ, æ зæрди æууæлтæ ин ма балæдæрдтайдæ.

«Зундæй исаразун ку неци бафæразон, – дзоруй кизгæ æхецæн, – цæмæй æлдари уарзондзийнадæй рахецæн кæнон мæхе, уæд рæстæрдæмæ нæ раурдуг уодзæнæнцæ мæ гъуддæгутæ…»

Æма зæгъуй æлдарæн:

– Æлдар цæра, мæ фидæ ами нæй, мæ еунæг æнсувæр дæр уотæ… Хуарз уидæ, уони æрбаздæхунмæ ку бангъæлмæ кæсисæ.

– Хуарз кизгæ, уомæн амал не 'рцæуздзæнæй: мæ барæ мæхебæл нæбал цæуй. Дæхуæдæг дæр æнæ уингæ нæ дæ, мæ сæрæн ке нæбал дæн, кæд еци рауæнмæ цæмæн æрцудтæн, е дин æргом нæ адтæй, уæддæр. Нур уой балæдæрæ, æз дæ уотæ бауарзтон, æма мин зæрдæ ку нецæмæй байвæрай, уæд мæ цæрди сæр нецæбæл бал æй.

– Мæ фидæ уой ку базона, æз дуккаг усæн фæццудтæн, уæд ин куд маст, куд уайдзæф уодзæнæй еци гъуддаг, уой е 'рдхуард æмбалæй хуæздæр неке балæдæрдзæнæй. Уæдта æз дæр аккаг куд искæндзæнæн мæхецæн, æма мæ разагъд фидæ, мæ еунæг æнсувæрмæ уайдзæф æрхауа, æма дзилли 'хсæн нихкъуæрдæй цæронцæ мæ сæрбæлтау. Иннемæй ба, уой бæрцæ ке хæццæ фæццардтæ, дæхецæн адгинæн, уарзонæн ке байагурдтай, дзурд кæмæн равардтай, уой бафхуæрун гъæуама ма æрхæссай, ма, дæ сæрмæ, Хуцауæй дæр æй нæ бандеудзæнæ.

– Лухгонд мин æй еци гъуддаг дæр: кадæ æма 'й радæй рарветдзæнæн æ фиди хæдзарæмæ, æгъдау куд амонуй, уотæ.

Уоййадæбæл æлдар æ уоси рарвиста æ цæгатмæ. Кизгæ балæдæрдтæй, æверхъау уавæри ке бахаудтæй, зинæй си ке райервæздзæнæй, зинæй ке багъæуай кæндзæнæй æхе, уæддæр цийфæнди зинæй дæр нæ фæцъцъумур кæндзæнæй æ фидæ æма е 'нсувæри цæсгон дæр.

Æма уæд æхе баримахста æлдари галауани, авд дуари си исæхгæдта æхебæл æма нæбал кастæй æндæмæ. Æлдар ку тингунæй, ку сабурæй имæ бацæуй, лигъстæ ин кæнуй, фал кизгæ барæ нæ дæттуй. Зиндзийнадтæ æвзаруй кизгæ мæсуги авд дуарей фæсте: тухсуй æнæ хуæруйнагæй, æнæ донæй, еци унгæг рауæн æй фудæхсæвтæй систæ бахуардта; фурмæстæй еуæй-еу хатт кæун райдайуй…

Еу бон æлдарбæл дзурд исæмбалдæй, е 'рдхуард Каабæй ке æрбаздæхуй, уæдта си ке коруй, цæмæй æлдар каабæдзауи размæ исæмбæла еу бонцау, цæмæй еци рауæн бацийнæ кæнонцæ кæрæдзебæл. Æлдар хъæбæр нæ бацийнæ 'й еци хабарбæл, фал ин уæддæр æнæцæугæ нæ адтæй.

Кæрæдземæн салам равардтонцæ дууæ æрдхуарди, æма каабæдзау дзоруй:

– Ци тарæрфугæй кæсис, ци кодтай? Дæхе хузæнæй дæмæ ку нецибал байзадæй æгириддæр. Берæ мæгурдзийнæдтæ бавзурстан мæ фурти хæццæ: кæми æстонг, кæми æнæ дон, кæми таси бон абæргутæй, æдзæрæг, æнтæф бæстæ, фал, баруагæс ди уæд, уæхæн рæстæг мæбæл некæд адтæй, æма мæ зæрди некæд æфтудтæ, зæгъгæ. Мæ хæдзарæмæ, мæ еунæг кизгæмæ уотæ нæ дзурдта мæ зæрдæ, дæумæ куд, уотæ. Нур дæр дæмæ мæ цуди сæр уой туххæй æй, цæмæй дæ фæууинон. Уæд мæмæ ду ба ци цæстæй кæсис? Уотемæй ба мæбæл, Хуцау ме 'вдесæн, еу бон дæр нæ бухстæ, дæ цард дин адæ нæ кодта æнæ мæнæй.

– Мæ лимæн, хатир ди корун, дæхецæн еци зин искæнæ. Еу минкъий мæмæ æрбайгъосæ, æз дин радзордзæнæн, мæхе хузæн цæмæннæ нæбал дæн, мæ зæрдæ дæбæл цæмæй исæййивтон, уотæ дæмæ цæмæн кæсун, уой. Радзорунмæ дин ке гъавун, уони арф æвæрæни мæхемæ, мæ реуи, мæ зæрди медæгæ ку байзайиуонцæ, уæд берæ хуæздæр уидæ. Нæ сæ зæгъуй, нæ, мæ зæрдæ дæуæн радзорун: устур нез дин ку искæнонцæ, уомæй дин тæрсун.

– Исонибон ке базонон, фæстæдæр ке фегъосон, уой мин ду, мæ еунæг æрдхуард, раздæр ку радзорай, уæд растдæр æма пайдадæр уодзæнæй. Сæйуйнаг ци незæй уон, уомæй гъæуама раздæр басæйон, мæ ихæс зинæй дæр раздæр гъæуама бафедон. Зæгъæ мин дæ зæгъуйнаг! Æз дæмæ игъосун.

– Мадта фæууæд дæ фæндон. Дæ еунæг кизгæ цардæй мæ хæдзари æхе хæдзари хузæн. Дууæ адтан æма, нийиергутæ сæхе хъæболæмæ уотæ нæ бафæразтайуонцæ кæсун, зелун, уотæ имæ зилдан, кастан. Нæ хæдзари ци ирдтан, уомæй ин нецæмæй аурстан. Кизгæ, раст зæгъун гъæуй, еу-дууæ бони рæсугъдæй равдиста æхе. Фал уæдта… Устур зин мин æй æ зæгъун дæр… Уæдта æнæнгъæлти æхе æндæрхузонæй æвдесун райдæдта. Зæнхæбæл нæ разиндзæнæй уæхæн æнæгъдаудзийнадæ, уæхæн æгадæдзийнадæ, е æ сæрмæ ци не 'рхаста. Усæ æма лæг адтан æма нæ нæ кæрæдземæн кард æма фид фестун кодта æ фудæвзагæй: мæнæн – еухузи зæгъидæ, нæ хæдзари æфсийнæн – ба æндæр хузи. Е дин æ еу гъуддаг. Иннемæй уотæ исуагъта æ цæсгон, æма фæсевæдæй беретæн нифс æвардта, аккаг цæмæй нæ адтæй, уæхæн гъуддæгутæй. Ци, ци! Æма цæй бæрцитæ нæ бахуæстæй æ цæсгон! Мæнæн дæр, дæ еунæг æрдхуард æнсувæрæн, баздахтæй æма æхе гъардта… Дæ цæсгон бахуæрай, зæгъгæ, ин бауайдзæф кодтон, бавзистон имæ дæ номæй.

Уоййадæбæл нæбæл æ зæрдæ уотæ рахудтæй, æма бацудæй мæсугмæ, авд дуари исæхгæдта æхебæл, нæ размæ нæбал цæуй. Ци си косуй, цæмæй цæруй – Хуцау æ зонæг. Дæ еунæг кизги дин раст надбæл ке нæ исæвардтон, мæ хæдзари дин лæгъуз уагæ ке райста, уомæй ди хъæбæр къæндзæстуг фæдтæн, мæ еунæг лимæн, хъæбæр ди æфсæрми кæнæн æз дæр æма нæ хæдзари æфсийнæ дæр.

Уæд каабæдзау æлдар баздахтæй æма карзæй байдæдта дзорун æ еунæг фуртмæ:

– Мæ фурт, де 'нсувæр-хуæрæ æма мæ еунæг кизгæ цитæ бакодта, уони фегъустай мæ лимæни цъухæй дæхе гъостæй. Цо тагъд ме 'рдхуарди хæдзарæмæ, мæнæ аци сулухъ дæр райсæ дæ хæццæ. Рамарæ де 'нсувæр-хуæрæ æма мæ еунæг кизги. Æ тогæй мин æрхæссæ аци сулухъи дзаг. Æз цалинмæ мæ еунæг кизгæ, мæ хъæболи тогæй ме 'донуг басæттон, уæдмæ нæ басабур уодзæнæй мæ маст, уалинмæ нæ цæун мæ хæдзарæмæ дæр, адæммæ кутемæй равдесдзæнæн мæхе. Цæрунæй-хуæрунмæ еци гъæуай фæккодтон мæхецæн, некæд нецæмæй фæцъцъумур кодтон мæ цæсгон, кадæ æма радæй дзиллити астæу фæццардтæн. Нур мин мæ еунæг кизгæ, мæ уарзон хъæболæ, мæ сæр ра-

**Уæрæсей номдзуддæр ахургæндтæй еу, Кавкази адæмти истори æртасæг Ковалевский Максим Максими фурти райгурдбæл 8 сентябри æнхæст кæнуй финддæс æма астинсæй анзи (1851-1916).**

## АДÆМÆН МАСТ КА ИСАРАЗА, ЕЦИ АДÆЙМАГ ÆНÆМÆНГÆ ÆФХУÆРД БАЙЙАФДЗÆНÆЙ!..

лух кодта зæрæрдæмæ, фæхходуйнаг мæ кодта, цæрдуодæй мæ бафтудта мæрдтæбæл. Къæндзæстугæй байзадæй мæ еунæг æрдхуард дæр æвудæй. Зæнæги маст цæй зин урамæн дæ, цæй! Ратагъд кæнæ, æнгъæлмæ дæмæ кæсдзæнæн аци рауæн.

Фурмæстæй, цæхæркалгæ балæудтæй æлдари фурт æ фиди æрдхуарди хæдзари. Тингунæй дзоруй кизгæмæ, дуар ин куд бакæна. Кизгæ ’й гъуди дæр нæ кæнуй. Уæд имæ æнсувæр байдæдта лигъзæй дзорун:

– Ма тæрсæ, мæ хуæрæ, ма тæрсæ, дуар мин бакæнæ, æз де ’нсувæр дæн.

– Кæд æма æцæгæйдæр мæ еунæг æнсувæр дæ, уæд мæ мади къохдарæн æрбагæлдзæ, кенæдта дæмæ фæстæмæ дæр нæ ракæсдзæнæн, дуар дин нæ бакæндзæнæн.

Æнсувæр æ къохдарæн багæлста, кизгæ ’й бакодта æ къохбæл æма уæладзугæй рагæпп кодта е ’нсувæри гъæбесмæ.

Æнсувæр æй еци хузæнæй фæхъхъан кодта зæнхæбæл, кард ин æрбайвардта æ хъурбæл æма, нур исæвгæрда кизги, утæ имæ е дзоруй:

– Ци кæнис, ци, ме ’нсувæр, ци Хуцау дæ ниццавта! Дæумæ æма мæ фидæмæ кæсунæй ку исуорс æнцæ мæ цæститæ, æз мæ билицъæрттæ ку хуардтон уæ уиндæмæ, мæ зæрдæ сумахбæл ку дардтон, мæ зиндарæнæй мæ фæййервæзун кæндзинайтæ, мæ маст мин райсдзинайтæ, зæгъгæ, уæд мин айæ ба ци косис?

Биццеу æруагъта æ кард, кизги ислæуун кодта æ къæхтæбæл. Кизгæ радзурдта æ зинддзийнæдтæ еугурæй дæр. Æнсувæри зæрдæ æрфæлмæн æй, æртæрегъæд кодта æ хуæрæн, тургъи еу карк райахæста, æрбавгарста ’й, сулухъ карки тогæй райдзаг кодта. Бæхбæл рабадтæй, кизги æ фарсмæ исæргъувта æма рараст æнцæ æлдари галауанæй.

Цæуй, цæуй æма надбæл фæсвæд еу къотæри буни ниуагъта æ хуæри. Æхуæдæг еци тæргæбæхæй ниххуаста æ фидæмæ. Æрхизтæй бæхæй, сулухъ балæвардта æ фидæмæ. Æрхизтæй бæхæй, сулухъ балæвардта æ фидæмæ. Е «Бисмил-ла» загъта, сулухъ исдардта æ цъухмæ æма уайтæккæ исуагъта æ туппуртæ, уæдта рараст æнцæ сæ хæдзæрттæмæ.

Æлдари кизгæ къотæри бадуй æма сагъæс кæнуй, ци уодзæнæй, убæл. Уæдмæ ибæл цауæйнон куйтæ рамбурд æнцæ æма ибæл рæйунцæ. Куйти рæйунмæ цауæйнонтæ ’рбауадæнцæ æма дзорунцæ кизгæмæ, фал сæмæ е фæстæмæ дæр нæ кæсуй. Сæ уæлвæд къотæри астæумæ æ бæх æрбатардта циуавæрдæр æлдар дæр. Цауæйнонтæ æма куйтæ дæр цауæн кодтонцæ еци æлдари хæццæ.

Æлдар гъуддагмæ ку ’ркастæй, уæд дзоруй кизгæмæ:

– Ка дæ? Тагъд нин дзуапп раттæ, кенæ ба дæбæл мæ куйти исардаудзæнæн.

– Хуарз æлдар, æвзедæнтæй некæд ма неке рамардæй, уæдта æвзедæнтæй ка фæттæрса, еци адæймагбæл нæ исæмбалдтæ: ду ци дæ, уæхæн кизгæ бæргæ адтæн æз дæр, кæд мæ аци сахат зинвадуати иссирдтайтæ, уæддæр. Мæхе ба дæмæ уой туххæй не ’здахун æма дарæсæй рæвдзæ нæ дæн – æфсæрми кæнун.

Æлдар цидæртæ фелваста æ дарæстæй. Кизгæ сæ æрбакодта æ уæле æма рараст æнцæ æлдари хæдзарæмæ.

Кизгæн уæледарæсæн цæйбæрцæ гъудæй, уойбæрцæ æлдар аллихузон хъазар хъумæцтæ уайтæккæ балхæнун кодта. Барвиста хуйгутæ кизгæмæ, цæмæй ин исбаронцæ æ гури конд, æ асæ.

– Мæ гури конд баруйнаг нæй, – загъта кизгæ, – æз еске худ мæ уæле не ’скæндзæнæн. Мæхемæ мин рахæссетæ, мæ фæлустæн ци гъæуй, уони; рахæссетæ мин кæрдæн, содзийнæ æма æндæхтæ.

Æрбадтæй кизгæ. Болат кæрдæн райста, хъумæцтæ ’ркарста æма уайтæккæ æхе исфæлуста къахæй-сæрмæ.

Еци аййев дарæсти æлдари кизгæ равдиста æ конд, искалдта æ хузæ. Æ даргъ сæригъун, саулох бæхи думæгау æ къелтæмæ хуаста æхе.

– Рагæй дæр кæмæ бæлдтæн, уомæй ма хуæздæрбæлдæр ку фæххуæст дæн, – загъта æлдар.

Киндзæхсæвæр исаразта, æма уосæ æма лæгæй цæрун байдæдтонцæ, кæрæдзей уарзгæй, кæрæдзей нимайгæй. Цикорай фæрдуги хузæн дууæ биццеуи син райгурдæй.

Еу æхсæвæ æ хуссæнуати æлдари уосæ нийнæфтæй æ къæхти бунтæй.

– Уанцон нæй, æма уагæри утæ цæбæл нийнæфтæ? – бафарста ’й æлдар.

– Цæбæл нийнæфтæн, цæ, мæ сабийтæ дæр дæ хузæн ку разиннонцæ, – æнæлæдæргæ, æдули: етæ дæр дæ тогæй равзурдæнцæ. Синдзи бунæй синдзæ æвзуруй.

– Æма мин уæхæн устур уайдзæф цæй фæдбæл бафæразтай, уосай?

– Æма дæ æфхуæргæ дæр куд нæ бакæнон: гъаст гъастæй киндæуй. Ацал-ауал анзи цæрун дæ хæдзари; дæ дууæ фурти тагъд дæ сæрти ракæсдзæнæнцæ, фал дæуæн дæ гъудий некæд æрцудæй мæн бафæрсун: æвадуатæй дæ ци рауæн иссирдтон, уордæмæ уæларвæй æрхаудтæ, къотæри бунæй исæвзурстæ, æви дори хурфæй рацудтæ?

– Дæ хуарзæнхæй, мæ хуарз æфсийнæ, æма кæд дæуæн нийиергутæ ес, хæстæг дин кæд ес, уæд ма мæн хуæздæр ци гъæуй? Мæ амондбæл ма уæлдай амонд бафтудæй.

– Фидæй æма мадæй райгурдтæн æз дæр, ес мин æнсувæр дæр. Мæ мадæ рамардæй, фал мæ фидæ æма ме ’нсувæр – цардæгас æнцæ. Фæндуй мæ, ку сæ бабæрæг кæнинæ, мæ сабийти син ку равдесинæ.

Æлдар барæвдзитæ кодта е ’фсийни: хуæрдæ, ниуæзтæ, лæвæрттæ цидæр гъудæй, уони еугурей дæр. Кæбæл æууæндтæй, еу уæхæн лæдæргæ адæймаги ин исбадун кодта æ фарсмæ, фондзинсæй бæхгини син бафтудта сæ фæдбæл, дууæ сабийи дæр рарвиста сæ мадирвадтæлтæмæ.

Цæунтæ байдæдтонцæ, цæунтæ. Дзæвгарæ, дзæвгарæ ку рацудæнцæ, уæд еу рауæн дони билæмæ бахъæрттæнцæ.

Аци рауæн нæ фæллад исуадзæн, ести дæр ракомидзаг кæнæн, уæдта бабæй нæ над раидарддæр кæндзинан, зæгъгæ, загъта уосæ.

Æрфестæг æнцæ, бахуардтонцæ, баниуазтонцæ. Бæхгинтæ æма биццеутæ дони билгæрон ауон рауæн сæхе æруагътонцæ æма æрфунæй æнцæ. Бæхтæ астæумæ кæрдæги хезунцæ. Уосæ æма æлдари лимæн бадунцæ æма сæ цæстæ дарунцæ сæ адæммæ.

Уæд лæг дзоруй уосæмæ:

– Рагæй дæр мин адтæ хъæбæр адгин, мæ зæрдæмæ дæуæй фулдæр силгоймаг некæд бацудæй. Аккаг искæнæ, æма æмуод куд æрбацæуæн кæрæдземæ.

– Ард дæ фæдбæл æфтуд фæуæд, кæд дæ мæ сæри хецау уой туххæй нæ рарвиста мæ хæццæ. Уæхæн æнаккаг дзубанди ди куд нæбал фегъосон, утæ бакæнæ. Æрдхуард ба ма си хуæздæр ци фæууй!..

– Мæ фæндон мин исæнхæст кæнæ, кенæ ба дæ хъæболтæй аци рауæн еуей равгæрддзæнæн.

– Сæ дууей дæр мин ку равгæрдай, уæддæр сæрмæ хæссуйнаг ци гъуддаг нæ уа, уой не ’рхæсдзæнæн мæ сæрмæ. Нæ фегадæ кæндзæнæн мæ сæри хецауи!

– Мадта мин нæ исарази уодзæнæ, зæгъис?

– Нецæй туххæй!

Лæг фестадæй, кард фелваста æма дууæ биццеуи къобæлттæ æрбавгарста. Уосæ бæхгинти дарæстæй лæги фæлуст рамбурд кодта æма дони иннæ фарсмæ банакæ кодта. Еци рауæн æ сæригъунтæ æрбамбурд кодта, ходæй сæ æрæмбарзта æма лæги дарæстæ æрбакодта æ уæле.

Еци хузæнæй рараст æй, еу гъæумæ бафтудæй, ихуæрсти бунат агоруй. Исæмбалдæй ибæл еу каргун лæг.

– Хуарз, æз дæ бауорамдзæнæн, – загъта лæг. – Мæ фонсмæ мин зелунцæ мæ утæри еуæндæс лæги, еу лæг ма мæ гъæуй, ниллæууæ мæмæ, миздбæл бафедаудзинан.

Æлдари уосæ исарази æй.

Цæрунтæ байдæдта. Æркастæй фиййæуттæн сæ гъуддæгутæмæ, утæрти рæвдзитæмæ. Уайтæкки син рартаста сæ гъуддæгутæ æма унаффæ райста æхемæ. Фонс радех кодта, алли фиййауæн дæр бæрæг куст равардта, хуæздæр си ка цæмæ арæхстæй, убæл æй бафтудта, уагæ син исæвардта сæ цардæн.

Никки баздахтæй æма фиййæутти цæрæнтæ, утæртæ цадæггай райййивта. Етæ адтæнцæ уесæй бид æма сæ е гъæдæй æма дорæй нæуæг исаразта.

Дзæвгарæ фæххуæздæр æй фонсгæсти цард, берæ фæххуæздæр æй фонсмæ зилд. Бæрæгдæр адтæнцæ иннæ утæртæй, иннæ фонсгæстæй.

Цох нæбал адтæнцæ иуазæгæй. Уæхæн иуазæг сæмæ нæ исæмбалдæй, косарт кæмæн нæ ракодтайуонцæ, хуарз ке нæ исиуазæг кодтайуонцæ. Фал сæ фонс уой бæрцæ иссæнцæ хуарз зилдæй, æма сæбæл берæ харз дæр нæбал зиндтæй.

Фиййауи кой райгъустæй. Фонсгин æлдæрттæ, утæрти хецæуттæ хицæ кæнун байдæдтонцæ, æлдари уосæ ихуæрсти кæмæ адтæй, еци фонсгинмæ, уæхæн адæймаг ке утæри унаффæ кодта.

Æлдæрттæ еууæхæни кæмидæр байеу æнцæ. Æскъуæлхт фиййауи кой фæккодтонцæ. Дзурд равардтонцæ еци рауæн, цæмæй бабæрæг кæнонцæ æлдари утæр æма фæууинонцæ сæхе цæститæй, цитæ исаразта разагъди фиййау. Фæххабар кодтонцæ æлдармæ, æнгъæлмæ сæмæ куд кæса бæрæг афонæмæ æ утæрти.

Æлдар сагъæс кæнун байдæдта æхебæл: кедæр евгед бакодта æ есбон, дзиллитæбæл райгъустæй æ фонсгæсти хуарзи кой, фал сæ еу бæрæг ба нæма бакодта æхуæдæг, ци гæнæг æнцæ, уой нæ фæууидта.

Æмгъуди бон æнæнгъæлти æрхизтæнцæ утæри æлдар æма æ иуазгутæ. Фиййæутти хестæр зелæнтæ кæнуй, лæггадæ кæнуй иуазгутæн. Еу нард гал равгарста, барæвдзитæ кодта алли хуæрдæ, алли ниуæзтæ æма хуарз цæмæннæ фæууидтайдæ æ боц иуазгути? Фæсхуæрдæ утæри арæзтитæмæ, фонси дардмæ æркастæнцæ иуазгутæ. Кæрон нæбал адтæй сæ десæн, уойбæрцæ хуарз сæмæ фæккастæнцæ, ци фæууидтонцæ утæри, етæ.

Уæд иуазгутæ фæрсунцæ сæ фусун æлдари:

– Ка ’й дæ фиййæутти хестæр, кæми фæууидта, кæми базудта, ци бакæнун бафæразта, уони, æви сæ æхе сæрæй исаразта æхуæдæг?

Æлдар син неци дзуапп равардта – уомæн æма неци зудта æ фиййауи туххæй. Æлдæрттæ уæд фæдздзорун кодтонцæ хестæр фиййаумæ æма ’й фæрсунцæ:

– Зæгъай нин, ка дæ, уæдта, ци исаразтай, уони дæхе сæрæй кæнис æви сæ ескæмæй базудтай? Минкъий нæ фæууидтан мах, ес ни алкæмæ дæр фонс, утæртæ, фиййæуттæ, фал дæуæн ци бантæстæй, е некæмæн ма бантæстæй, фонси кондæй æма утæрти арæзтæй. Уæдта дæ фæндæ, дæ куст куд фæззиндтæй дæ хецауи хæдзарæбæл, утæ неке фæндæ, неке куст фæззиндтæй еу хæдзарæбæл дæр. Кæрон нæбал ес дæ хецауи фонсæн.

– Хуарз адæм, сумах ци бафæндæуа, уой исæнхæст кæнун ихæсбæл нимайун æз мæхецæн. Фал уин, цалинмæ ка дæн, е исæргом уа, уæдмæ уи корун, куд мæмæ байгъосайтæ, утæ. Æз уин æрхæссон еу минкъий таурæхъ. Æцæг дзурд радтетæ, мæ дзубанди мин къулумпи ка кæна, æргом мин æй ка фауа, е аци рауæнæй куд рарветайтæ æма æндæр рауæн уорæд куд æрцæуа, цалинмæ нæ радзорон, уæдмæ.

Фиййауи дзубандибæл исарази ’нцæ.

Уæд æлдари уосæ, цитæ ибæл æрцудæй, уони радзурдта, цума æндæр кæбæлдæр æрцудæнцæ, уоййау.

Уосæ æ таурæхъ куд дзурдта, утæ фиццагидæр æндæмæ рарвистонцæ æма бæрæг рауæн бауорæдтонцæ æ фиди æрдхуарди, æ фидæ Каабæмæ ку цудæй, уæд ке хæдзари цардæй æма ин еци æфхуæрдтæ ка бакодта, хæтæгхауæг ке туххæй фæцæй. Уой фæсте рарвистонцæ уомæн æ цардæмбали лимæни, æ биццеути ин ка рамардта дони билæбæл, уосæ æ цæгатмæ ку цудæй, уæд.

Фæцæй дзурд таурæхъ. Фиййау исиста æ ходæ, æма æ сæригъунтæ æркалдæнцæ ходи бунæй!

– Æфсæрмийаг ке бакодтонцæ, ледзæг ка фæцæй æ фиди хæдзарæй, æ хъæболти саузæрдæ лæг кæмæн исæвгарста, уой бæрцæ зинтæ ка фæууидта, е æз дæн. Нур мæ гъаст хæссун сумахмæ – тæрхонгæнæг сумах фæуутæ.

Тæрхони æрбадтæнцæ, мадта ци кодтайуонцæ:

– Гъæдфадæн хирхæй сæ цуппæргæйттæй рафадæн, æндæр тæрхон син нæййес!

– Утæ нæ уодзæнæй, – загъта еу æлдар. – Цуппæргай дехæй дæр мард мард æй æма уи агордзæнæй е ’гъдау: мардикæндæ, байвæрун, мæрдæгъдæуттæ, фæллойнæ сæбæл ес. Мæ бæхæргъауи ес æнæдæмд урситæ, саргъ æвæрд кæбæл нæма адтæй. Уонæй сæ дууей къæдзелитæбæл бабæттæн гъæудзæнæй, куййисæфт, куйдор сæ куд бакæнонцæ æма син сæ æстæгдар дæр куд нæбал исбæрæг уа. Е ба син мæ тæрхон.

Æлдæрттæ фæстаг тæрхонбæл исарази ’нцæ.

Дууæ æлдарей урсити думæгтæбæл ниббастонцæ, æма сæ етæ ниффæруакæ кодтонцæ.

Кæрæдзебæл фæццийнитæ кодтонцæ æлдари уосæ, æ фидæ, æма æ цардæмбал. Уосæ æма æ бийнойнаг нæуæгæй цæрунтæ байдæдтонцæ, зæнæг дæр син исæнтæстæй æма амондгунæй æрвистонцæ сæ царди бæнттæ.

**Цæгат Иристони æскъуæлхт архайæг æма Хонсар Иристони æскъуæлхт журналист Доййати Рамазани фурт Олеги райгурдбæл7 сентябри æнхæст кæнуй финддæс æма æртинсæй анзи (1951-2014).**

*– Папа, – спрашивает сын отца-капитана, – это правда, что военные остаются спокойными в любой обстановке?*
*– Это правда, – ответил отец.*
*– Тогда я тебе покажу свой школьный дневник.*

☺ ☺ ☺

*Железнодорожница спрашивает у бегущего за поездом и размахивающего руками мужика:*
*– Мужчина, вы что, на поезд опоздали?*
*– Нет, блин! Я его из вокзала выгоняю!..*

## ЦАРДИ БÆТТÆНИ КÆРОН КУ ÆРАХÆССАЙ, УÆД ДÆ ÆХУÆДÆГ ЛАСДЗÆНÆЙ Æ ФÆДБÆЛ!..



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

***Фæззигон бæнттæ ралæудтæнцæ æма æрдзи æйййивддзийнæдтæмæ кæсгæй зæрдæбæл æрбалæуунцæ, нæ зундгонд публицист æма финсæг Æгъузарти Таймураз аци рæстæги тухххæй ци литературон миниатюритæ ниффинста, етæ. Еу си хунгæ дæр уотæ кæнуй – «Фæззæг». Æма си уотæ зæгъуй:***

***«Фæззæг ме 'рвадæ æй. Æ игуæрдæнти фæсалæ – мæ дзиккотæ, æ еугай цъæх сифтæ – мæ цæститæ, æ бæлццон мæргътæ – мæ сагъæстæ, æ уодадзæф – мæ бæлдæ, æ сæлфунæг – мæ мæтъæл, æ хортæ – мæ цийнитæ. Гъо, фæззæг дæн æз!..»***

***Гъе уæхæн æнцæ Æгъузари-фурти гъудитæ фæззæги тухххæй. Сумах ба куд тергади кæнетæ фæззигон рæстæг? Аци фарстайæн дзуапп раттун уин цæмæй æнцондæр уа, уой тухххæй уин фæйййагъаз кæндзинан мæнæ абони ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæй. Аразий дзуапп си кæбæл раттайтæ, уомæй уæхецæн банимайетæ 2 балли, æнæаразий дзуаппи «аргъ» ба 'й 0 балли.***

**1.** Бонæй-бонмæ зинæй-зиндæр кæнуй сæумæй исистун?

**2.** Арази айтæ уобæл, æма аци рæстæги уæбæл фулдæр исæмбæлуй тарæрфуг адæм?

**3.** Ахидæй-ахиддæр уæ фæффæндуй хебарæй сабур уавæри рабадун?

**4.** Бæлæстæй ци сифтæ 'ркалдæй, етæ уотид бугътæ 'нцæ къахнæдтæбæл?

**5.** Зингæ æстæндæр рацæуетæ гъæунгæмæ?

**6.** Æгирид нецæй фудæй дæр фæллайун ке байдæдтайтæ, уой æстæфетæ?

**7.** Сауæнгæ гъар уæледарæси дæр фæззигон уазалгомау уин фæууй?

**8.** Фулдæр хуæрун байдæдтайтæ æви уæмæ уоййасæбæл нæ цæуй хуæрун?

**9.** Уалдзæги уин куд бантæсуй, уотæ уин фæззæги нæбал æнтæсуй?

**10.** Сауæнгæ уотид сæлфун дæр уин уæ кеми фехалуй?

**11.** Уæ хæццæ уæ зонтик райсун ке гъæуй, е уин уæ зæрдæбæл уæ иуæнгти рист æрлæуун кæнуй?

**12.** Фæззæг уоййасæбæл бæзгæ рæстæг нæй спортæй архайунæн?

**13.** Бонигъæдæмæ гæсгæ уæхебæл ци искæнайтæ, уæхæн уæледарæс уин нæйййес, зæгъгæ, гъуди уæмæ ахид фæззиннуй?

**14.** Хæдзари кæнуйнаг гъуддæгутæ уæ тингун кæнун байдæдтонцæ?

**15.** Ахиддæр уæмæ зиннун байдæдтонцæ царди тæлæни тухххæй гъудитæ?

**16.** Фæззæг цъумур къахидарæси рæстæг æй?

**17.** Раст уодзæнæй зæгъун, æма уин еудадзугдæр нæ фагæ кæнуй хори рохс?

**18.** Æрæги дæр ма уин æхцæуæн ци адтæй, е уин уоййасæбæл цийнаг нæбал æй?

**19.** Арази айтæ уобæл, æма фæззигон уарзондзийнади гъуддаг аразун зиндæр æй?

**20.** Аци афони алли анз дæр уæлдай хъæбæрдæр раргом унцæ еугур незтæ дæр?

**Нур ба банимайетæ уæ дзуæппити «æргътæ» æма искæнетæ хатдзæгтæ.**

**0-10 балли.** Æвæдзи, лæгъуз нæ райахур айтæ фæззигон афонæбæл. Идарддæр дæр уæхе гъеуутæ дарунбæл архайетæ, уомæй ба уин фæйййагъаз уодзæнæнцæ уæ цардиуаги фæткитæ æнхæст кæнун æма рæстмæ хуæлцадæ. Ци гæнæн æма амал ес, уомæй тиллеф кæнетæ гъенцъунтæй æма æгæр фæллайунæй.

**12-24 балли.** Еуцæйбæрцæдæр уин уæ уоди цирен фæнниллæгдæр æй æма е, æвæдзи, айдагъ анзи рæстæгути раййивди фудæй нæй. Ка 'й зонуй, расагъæс уæ кæнун гъæуй, уæ царди хузæ раст æй æви нæ, уобæл. Иссеретæ равгæ бассейн æма спортзал бабæрæг кæнунæн. Кæд уин уомæн нуртæккæ гæнæн нæйййес, уæдта уæддæр сæумон рæуæг гимнастикæбæл æнæнвæрсон ма уотæ. Ма уи уæд ироны – æзмæлд цард ке æй, е!.. Бæргæ пайдайаг уидæ æрдзон рауæнтæмæ рацæун дæр.

**26-40 балли.** Аци хатдзæгмæ гæсгæ ба, æвæдзи, уотæ зæгъун æнгъезуй, æма кæд уæ дзуæппитæ æргомзæрдæй æнцæ, уæд æнæмæнгæ байдайун гъæуй уе 'рхæндæг фæссорунбæл архайун. Цæмæй æнцондæрæй фунæй кæнайтæ æма уæ медуоди æнцойнадæ – хуссуни размæ уæхе ниртайетæ уæнгуæгъдæгæнæн дони. Уæ зæрдæбæл бадаретæ: адæймагæн æ хелæдæрундзийнади гæнæнтæ фæйййагъазиаудæр кæнунæн пайда 'нцæ, йод кæми ес, уæхæн хуæруйнæгтæ: хузгин къабуска, денгизон кæсалгæ, устрицитæ, моллюсктæ, фейхоа... Ци гæнæн æма амал ес, уомæй архайетæ азгъунсти минкъийдæр, иуонгрæуæггæнæг сатæг уæлдæфи ба фулдæр унбæл. Пайдайаг æй дæ тергади зæрдæхцæуæн гъуддæгутæмæ раздахун дæр. Уæ хеуæнтти хæццæ бабæрæг кæнетæ ести зæрдæмæдзæугæ равдист, фæццотæ театрмæ дæр æма киномæ дæр, æнцойдзийнадæ хæссæг хуæрæндони уе 'рдхуæрдтæ æма хуарз зонгити хæццæ бабадетæ. Сæйрагдæр ба – еунæгæй ма изайетæ уæхемæ æнтъунсæг угати медæгæ телевизор æма компьютери евгедæй!..

## И ЧТО ТОЛЬКО НЕ УСЛЫШИШЬ В ЭТОЙ ЖИЗНИ!..

Парень догоняет девушку:
– Девушка, девушка, можно с вами познакомиться?
Девушка, оборачиваясь:
– Нет!
– И славу богу!

* * *

По итогам проверки школьных сочинений «Как я провел лето» было раскрыто: три грабежа, два теракта и пять угонов иномарок.

* * *

Собери 500 долларов, положи их в конверт, пришли нам – и ты получи футболку с надписью «Лох»!

* * *

– Самое печальное блюдо на свете – это пюре. Вроде картошка как картошка, но такая подавленная...

* * *

По городу несется маршрутка... Пассажир, протягивает вперед деньги:
– Передайте, пожалуйста, водителю на венок.

* * *

На уроке ботаники. Учитель спрашивает, какое самое благоприятное время для сбора яблок. Петя:
– Август.
Таня:
– Сентябрь.
Вовочка:
– Когда собака привязана.

* * *

– Кто, в конце концов, в доме хозяин?! – набравшись духу, закричал муж.
– Я, – спокойно ответила жена. – А что?
– Да нет, ничего... Все в порядке. Я просто спросил.

* * *

В налоговой инспекции:
– Когда я могу взять отпуск?
– Но вы не являетесь нашим сотрудником.
– Но я работаю практически для вас!

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Æцæгæйдæр бонæй-бонмæ нæ, фал сахаттæй-сахатмæ цивавæр зайæгой иразуй?**
а) Бамбук. б) Нартихуар. в) Æзгъæллагæ. г) Сæкæри хъæзæ.

**2. Циувавæр дзурд нæ фагæ кæнуй, Иван Тургенев кæддæр ке ниффинста, еци загъди: «Дæс французаги ку исеу уонцæ, уæд дзубанди æнæмæнгæ рацæуй... тухххæй»**
а) Ниуазуни. б) Силгоймæгти. в) Театри.

**3. ССР Цæдеси 1945 анзи февралæй фæстæмæ еумæ райсгæй хуæдтолги, бæлвурдæй ба хуæдтолгæ «Победа»-йи фиццаг «хебарæ бардарæг» ка иссæй?**
а) Диктор Юрий Левитан. б) Гроссмейстер Михаил Ботвинник. в) Тæхæг Иван Кожедуб. г) Шахтер Алексей Стаханов.

**4. Китайи Адæмон Республики Паддзахадон Гимн циуавæр ном хæссуй?**
а) «Сæнтсурх кæнуй искæсæн». б) Цитгин фæтæг. в) «Бархеуонти марш». г) «Æновудæй архайгути зар».

**5. Советон милици циуавæр ном æмбалон адтæй инæлари номи æмхузон?**
а) Командор. б) Комиссар. в) Статтон унаффæгæнæг. г) Профессор.

**6. Дзæуæгигъæуи зæрдæбæлдаргæ рауæнтæн сæ унд-гундæртæй еу æй Байеудзийнади фæзæ (Советон доги хундтæй Октябри 50 анзей фæзæ). Уомæн æ федауцæ ба 'й Иристон Уæрæсей хæццæ байеу кæнуни 200 анзей кадæн циртдзæвæн. Кæци анзи æвæрд æрцудæй?**
а) 1974. б) 1982. в) 1984. г) 1994.

**7. «Дæс æма авдинсæй немуцаги ниццагъта Иристони сæрустур фурт Милдзихи-фурт. Нæ бæсти ин кæци кизгæ нæ зæгъдзæнæй боз-нæ!..» Уотæ æхсаргин Милдзихти Хаджимурзи тугъдон æскъуæлхтдзийнади тухххæй советон номдзуд финсгутæй ка финста?**
а) Константин Симонов. б) Петр Павленко. в) Илья Эренбург. г) Сергей Михалков.

* * *

**Аци фарстати фæдбæл раст дзуæппитæ кæсетæ нæ газети иннæ номери. Нур ба мухур кæнæн нæ газети 33-аг номери мухургонд фарстатæбæл раст дзуæппитæ:**
**1.** Пуруса. **2.** Эльбрус. **3.** Клавдия. **4.** Тюльпан. **5.** Алмаси. **6.** Марлен Дитрих. **7.** 1924 анзи. **8.** Уруймæгти Харитон. **9.** 1938 анзи.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**E-mail:** gazeta.digora@kpmk.alania.gov.ru

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **530.** Заказ **№ 1915.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 04.09.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 04.09.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**